

(Replace with School Letterhead)

LÈT PARAN POU REFIZE YO BAY ENFÒMASYON POU PARAN TOUT ELÈV KLAS 9YÈM RIVE 12YÈM ANE

Chè paran:

Lwa federal mande pou Depatman Edikasyon Vil Nouyòk New York City Department of Education (NYCDOE) mete disponib non, adrès, ak nimewo telefòn elèv lekòl segondè ki nan klas 11yèm ak 12yèm ane pou moun k ap fè anwolman pou lame ak pou enstitisyon edikasyon siperyè lè yo mande enfòmasyon sa yo, eksepte lè paran an oswa elèv la chwazi pou pa bay enfòmasyon sa yo. Lè yo fè DOE konnen **alekri** yo pa konsanti divilge enfòmasyon sa yo. Pandan nou pran angajman pou pwoteje konfidansyalite elèv nou yo, nou dwe obeye lalwa.

Si w pa dakò pou yo bay enfòmasyon sa a, ou dwe ranpli fòm sa a epi voye l tounen nan lekòl pitit ou a 18 oktòb 2019 pou pi ta. Si w pa voye fòm lan tounen nan dat sa a pou pi ta epi pitit ou a nan klas 11yèm oswa 12yèm ane, n ap bay enfòmasyon sou pitit ou a si yo mande nou. Sepandan, n ap raple w mwen si chwazi pa voye fòm lan tounen nan moman sa a, ou ka fè sa **nenpòt lè** pandan tan pitit ou ap pase lekòl epi lè sa a y ap respekte demann ou fè pou yo pa bay enfòmasyon yo. Pou paran elèv klas 9yèm ak 10yèm ane, ou ka ranpli fòm refi a davans epi konsève l.

Pou plis enfòmasyon oswa èd, tanpri gade Regleman Chanselye Chancellor's Regulation A-825 oswa kontakte Lyezon pou anwolman nan lame Military Recruitment Liaison ki nan lekòl ou a.

Mèsi pou kolaborasyon w.

Avèk senserite,

Direktè

FÒM PARAN POU REFIZE DOE BAY ENFÒMASYON SOU PITIT YO

Tanpri ranpli fòm sa a si w pa konsanti pou yo bay enfòmasyon sou pitit ou a - non, adrès ak nimewo telefòn li ba moun k ap fè anwolman pou lame ak/oswa enstitisyon edikasyon siperyè ki mande enfòmasyon sa yo.

Siyati elèv la: _____

Non elèv la: _____

Klas ofisyèl elèv la: _____ Non lekòl la: _____

Mwen mande pou yo **PA** pataje, adrès ak nimewo telefòn pitit mwen an avèk: Tanpri make kazyè ki apwopriye a)

_____ Moun k ap fè anwolman pou lame

_____ Enstitisyon Edikasyon Siperyè

_____ Ni moun k ap fè anwolman pou lame ni Enstitisyon Edikasyon Siperyè

Paran/Responsab : _____

Ekri non w byen klè

Siyitati

Dat

LÈT ELÈV POU REFIZE YDOE BAY ENFÒMASYON SOU YO
POU TOUT ELÈV KLAS 9YÈM RIVE 12YÈM ANE

Chè elèv:

Lwa federal mande pou Depatman Edikasyon Vil Nouyòk New York City Department of Education (NYCDOE) mete disponib non, adrès, ak nimewo telefòn elèv lekòl segondè ki nan klas 11yèm ak 12yèm ane pou moun k ap fè anwolman pou lame ak pou enstitisyon edikasyon siperyè lè yo mande enfòmasyon sa yo, eksepte lè paran an oswa elèv la chwazi pou pa bay enfòmasyon sa yo lè yo fè DOE konnen **alekri** yo pa konsanti divilge enfòmasyon sa yo. Pandan nou pran angajman pou pwoteje konfidansyalite elèv nou yo, nou dwe obeyi lalwa.

Si w pa dakò pou yo bay enfòmasyon sa a, ou dwe ranpli fòm sa a epi voye l tounen nan lekòl pitit ou a 18 oktòb 2019 pou pi ta. Si w pa voye fòm lan tounen nan dat sa a epi ou se yon elèv ki nan klas 11yèm oswa 12yèm ane, n ap bay enfòmasyon w yo si yo mande sa. Sepandan, konnen byen si w chwazi pa voye fòm lan tounen nan moman sa a, ou ka fè sa **nenpòt lè** pandan tan w ap pase lekòl epi lè sa a y ap respekte demann ou fè pou yo pa bay enfòmasyon yo. Si w se yon elèv klas 9yèm oswa 10yèm ane, ou ka ranpli fòm refi a davans epi konsève l.

Pou plis enfòmasyon oswa èd, tanpri gade Regleman Chanselye Chancellor's Regulation A-825 oswa kontakte Lyezon pou anwolman nan lame Military Recruitment Liaison ki nan lekòl ou a.

Mèsi pou kolaborasyon w.

Avèk senserite,

Direktè

FÒM ELÈV RANPLI SOU REFI POU BAY ENFÒMASYON

Tanpri ranpli enfòmasyon sa yo si w pa dakò pou yo bay enfòmasyon sou non w, adrès ou ak nimewo telefòn ou ba moun k ap fè anwolman pou lame ak/oswa enstitisyon edikasyon siperyè ki mande enfòmasyon sa yo.

Siyati elèv la: _____

Non elèv la: _____

Klas ofisyèl elèv la: _____ Non lekòl la: _____

Mwen mande pou yo **PA** bay non m, adrès mwen, ak nimewo telefòn mwen ba: (Tanpri make kazye ki apwopriye a)

_____ Moun k ap fè anwolman pou lame

_____ Enstitisyon Edikasyon Siperyè

_____ Ni moun k ap fè anwolman pou lame ni Enstitisyon Edikasyon Siperyè

Elèv : _____

Ekri non w byen klè

Siyitati

Dat